

**DOKUMEN NEGARA
SANGAT RAHASIA**

**PENILAIAN AKHIR TAHUN
(PAT)
MI PSM SATRIYAN
TAHUN PELAJARAN 2020 / 2021**



Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Hari Tanggal	: Senin , 15 Maret 2021
Waktu	: 07.30 – 09.00 WIB

**KANTOR KEMENTERIAN AGAMA
KABUPATEN NGAWI**

Pilihlah salah siji jawaban sing bener!

Wacan ing ngisor iki kanggo nggarap soal no 1 teko no 5 !

Kebun the jamus mapan ana ing kutha Ngawi .Papan iki kalebu apan wisata nggulan kang bisa dadi jujugane para wisatawan .Saben wayah preian mesthi akeh para wisatawan sing padha plesiran ing papan kene .Saliyane hawane adhem papan iki uga nyuguhake sesawangan kang endah nyengsemake ati .Nalika para wisatawan mlebu ing papan iki bakal disuguhi wit-witan the kang ijo royo-royo ing papan kono uga ana sawijining sumber lanang lan wadon kang banyune bening tur seger .Mula ora mokal menawa papan iki dadi saat wisata kang perlu dilestarikake.

1. Wacan ing dhuwur yen diseleng saka isine kalebu jinise teks ...
 - a. Narasi
 - b. Dheskripsi
 - c. Eksposisi
 - d. Argumentasi
2. Kebun teh jamus mapan ana ing kutha ...
 - a. Madiun
 - b. Nganjuk
 - c. Ngawi
 - d. Malang
3. Kebun teh jamus kalebu papan wisata unggulan buktine ...
 - a. Ramenen mung yen pas preian
 - b. Dadi jujugane para wisatawan
 - c. Papane adhem lan akeh wit-witane
 - d. Mlebne kudu tuku karcis dhisik
4. Saben wayah preian mesthi akeh wisatawan sing padha plesiran ing papan kene .
Tembung “ Plesiran “ tegese ...
 - a. Sinau
 - b. Rekreasi
 - c. Mondhok
 - d. Nginep
5. Saliyane nyuguhake sesawangan wit-witan kang asri papan iki uga nyuguhake ...
 - a. Warung-warng
 - b. Sumber lanang lan sumber wadon
 - c. Sawah kang amba
 - d. Alas kang wingit
6. Seng kalebu strukture teks dheskripsi yaiku ...
 - a. Dheskripsi umum, ko,plikasi, lan dheskripsi bagian
 - b. Indhentifikasi umum, idhentifikasi bagian,lan klasifikasi
 - c. Dheskripsi umum,klasifikasi lan dheskripsi bagian

- d. Idhidentifikasi umum,koplikasi, lan idhidentifikasi bagian
7. Salah sijine ciri utama titikane dheskripsi yaiku ...
- Nggambarake kedadayan kanthi cetha
 - Isine mujudake asli laporan kegiatan
 - Nggambarake panyaruwe saka penulis
 - Isine mujudake rerangkene crita urut
8. Gancaran kang isine njlentrehake kedadayan kanthi urutane wektu diarani teks ...
- Dheskripsi
 - Eksposisi
 - Narasi
 - Argumentasi
9. Teks sing nggambarake sawijine bab kanthi kahanan sing sabenere kang ndadekake para pamaca kaya – kaya weruh dhewe , ngrasakake dhewe, lan ngalami dhewe bab sing diandharake diarani teks ...
- Dheskripsi
 - Eksposisi
 - Narasi
 - Argumentasi
10. Sing kalebu strkture teks dheskripsi yaiku ...
- Dheskripsi umum,komplikasi,lan dheskripsi bagian
 - Idhidentifikasi umum, idhidentifikasi bagian, lan klasifikasi
 - Dheskripsi umum, klasifikafi , lan dheskripsi bagian
 - Idhidentifikasi umum, komplikasi, lan idhidentifikasi bagian
11. Unen-unen kang gumathok kanggo nyandra perangane awak , solah bawa lan kahanan andhapuk pepindhan di arani ...
- Panyadra
 - Panyendu
 - Pepindhan
 - Parikan
12. Ukara kanggo ngumpamakake utawa mindhakake apa kang tegese emper-emperan diarani ...
- Panyandra
 - Panyendhu
 - Pepindhan
 - Parikan
13. Unen-unen cacah rong gatra kapisan pinangka pembuka dene gatra kang kapindho minangka isine lan nggunakake purwakanthi swara diarani ...
- Panyandra
 - Panyendhu
 - Pepindhan
 - Parikan

14. Unen-unen kang gumathok ora ngemu surasa pepindhan .Kanggo nelakake rasa ora seneng ing ati babagan solah nbawa diarani ...
- Panyandra
 - Panyendhu
 - Pepindhan
 - Parikan
15. Bocah loro kuwi paseduluran kaya bangyu karo lenga,karo dulure ora bisa rukun .
Ukara ing dhuwur nggunakake tembung ...
- Panyandra
 - Panyendhu
 - Pepindhan
 - Parikan
16. Kecik isine sawo,rambut brintik kaya gendruwo , Ukara iki diarani ...
- Panyandra
 - Panyendhu
 - Pepindhan
 - Parikan
17. Bocah kuwi ayu tenan rambute ngandhan-ngandhan , tangane nggendewa penenthang,bangkekane ...
- Jambe sinigar
 - Nawon kemit
 - Miji timun
 - Mucuk eri
18. Ckat trengginas kaya sikatan nyamber walang , iku kanggo mindhakake ...
- Sesambate
 - Tingkah polahe
 - Tandang gawene
 - Sesumbare
19. Bocah iki yen disawang pipine ...
- Manggis karengat
 - Nduren sajuing
 - Nyela cendhani
 - Ngandhan-ngandhan
20. Ukara ing ngisor iki terusna supaya dadi parikan !
Wedang bubuk gula tebu, mata ngantuk ...
- Njaluk turu
 - Njaluk dhuwit
 - Ngajak mangan
 - Entk melu

21. Panyandra ik gunane kanggo ...

- a. Nyacat
- b. Ngalem
- c. Ngelokke
- d. Ngandhani

22.

Tembung kang katulis nganggo aksara jawa ing sisih iki unine ...

- a. Gunadi tuku sego
- b. Jumadi tuku kebo
- c. Sukidi tuku lengo
- d. Mukidi tuku clono

23. Aksara ing sisih iki unine ...

- a. Dendeng goreng
- b. Iwak pindhang
- c. Deleng koran
- d. Lele goreng

24. Panyendhu kuei gunane kanggo ...

- a. Ngalembono
- b. Parikan
- c. Ngelokake
- d. Ilo-ilo

25. Angon sapi yèn ditulis nganggo aksara jawa yaiku ...

- a.
- b.
- c.
- d.

26.

Gambar wayang ing sisih iki asmane ...

- a. Arjuno
- b. Semar

- c. Pendhawa
- d. Kurawa

27. Tembang “ Padhang Bulan “ kalebu tembang ...

- a. Wajib
- b. Daerah
- c. Dolanan
- d. Qasidah

28.



Gambar wayang ing dhuwur diarani ...

- a. Pendhawa
- b. Kurawa
- c. Sekawan
- d. Punakawan

29. Bapa Semar lagi lungguh karo ngombe wedang kopi .

Ukara ing dhuwur yen didadekke krama inggil yaiku ...

- a. Bapa Semar nembe lenggah kaliyan ngunjuk wedang kopi
- b. Bapa Semar lenggahan kalih mimik wedang kopi
- c. Bapa Semar lagi lungguhan kelih mimik kopi
- d. Bapa Semar lunnguh kalih ngunjuk kopi

30. Ibu tindak menyang pasar

Ukara ing dhuwur jejere yaiku ...

- a. Tindak
- b. Menyang
- c. Pasar
- d. Ibu